

Fèy Enfòmasyon: Sendwòm Enflamatwa Miltisistèm lakay Timoun (MIS-C)

Kisa sendwòm enflamatwa miltisistèm lakay timoun lan ye?

Sendwòm enflamatwa miltisistèm lakay timoun (MIS-C) se yon nouvo pwoblèm sante ki asosye avèk COVID-19 ki ap parèt lakay timoun yo nan Vil New York (New York City, NYC) ak lòt kote. Yo te rele sendwòm lan avan sendwòm enflamatwa miltisistèm pedyatrik oswa (pediatric multisystem inflammatory syndrome, PMIS).

MIS-C menm janm ak lòt maladi enflamatwa yo tankou [maladi Kawasaki a](#) ak sendwòm chòk toksik la. Timoun ki ki genyen MIS-C yo gen pwoblèm nan kè yo ak lòt ògàn yo epi yo bezwen resevwa swen medikal nan yon lopital.

MIS-C se yon maladi ki ra. Sepandan, paske timoun yo ki genyen sendwòm sa a gendwa vini malad byen grav, li enpòtan pou paran yo konnen siy ak sentòm timoun yo a gendwa genyen, dekwa pou yo kapab jwenn èd touswit.

Kisa siy ak sentòm MIS-C yo ye?

Pifò timoun yo genyen lafyèv (tanperati ki nan 100.4 degre F oswa 38.0 degre C oswa piwo) ki dire plizyè jou, ansanm ak lòt sentòm yo.

Lòt sentòm komen yo gen ladan:

- Iritabilite oswa diminisyon nan aktivite
- Doule nan vant san yon lòt eksplikasyon
- Dyare
- Vomi
- Gratèl
- Konjonktivit (Je wouj oswa wòz)
- Manke manje
- bouch wouj, bouch pete oswa lang wouj, lang ki gen boul ki sanble yon frèz
- Men ak pye anfle, ki ta gendwa wouj tou

Kilè mwen ta dwe rele doktè timoun mwen an oswa chèche swen ijans?

Rele doktè timoun ou an imedyatman si timoun ou an genyen yon lafyèv san rete ansanm ak nenpòt nan sentòm anwo yo. Doktè a pral poze ou kesyon sou sentòm timoun ou an genyen epi li pral itilize enfòmasyon an pou li rekòmande pwochen etap yo. Si timoun ou an malad grav, ale nan sal ijans ki pi pre ou la oswa rele **911** imedyatman.

Èske MIS-C kontajye?

MIS-C pa kontajye, men li posib ke timoun ou an genyen COVID-19 oswa lòt enfeksyon ki gendwa kontajye. Se pou tèt sa lopital yo pral pran mezi pou kontwòl enfeksyon yo lè yo ap trete timoun ou an.

Èske genyen yon tretman pou MIS-C?

Aktyèlman, yo trete timoun ki genyen MIS-C yo avèk diferan terapi, gen ladan medikaman ki sible sistèm iminitè ak reyaksyon enflamatwa kò a. Timoun yo gendwa resevwa lòt medikaman pou pwoteje kè yo, ren ak lòt ògàn yo.

Kijan mwen kapab pwoteje timoun mwen an pou li pa genyen MIS-C?

Ou ta dwe pran mezi pou anpeche timoun ou an pou li pa ekspozè ak COVID-19. Kouvèti pou figi yo, ijyèn men pwòp ak distans fizik se pi bon fason yo pou anpeche COVID-19. Timoun ki gen pwoblèm medikal kache yo kapab anba pi gwo risk pou move rezilta ak COVID-19, sa ki rann mezi prevansyon yo menm plis enpòtan ankò.

Depatman Sante Vil New York la gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.
5.18.20